

BAB V

KACINDEKAN JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1. Kacindekan

Dumasar kana hasil panalungtikan ngeunaan pangajaran nulis aksara Sunda ngagunakeun média *Flash Card* ka siswa kelas X-1 SMA Negeri 1 Majalaya bisa dicindekeun saperti ieu di handap.

- 1) Média *Flash Card* bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis aksara Sunda.
- 2) Hasil tés individu tina pra-panalungtikan nuduhkeun yén tina 45 urang siswa, 27 urang atawa 60% siswa anu meunang peunteun <67 kalawan katégori can tuntas, sarta 18 urang atawa 40% siswa anu meunang peunteun ≥ 67 kalawan katégori tuntas. Hasil siklus I nya éta 16 urang atawa 35,6% siswa anu meunang peunteun <67 kalawan katégori can tuntas, sarta 29 urang atawa 64,4% siswa anu meunang peunteun ≥ 67 kalawan katégori tuntas. Hasil diajar dina siklus II nya éta 45 urang siswa atawa 100% tuntas, kalawan rincian peunteun nya éta 22 urang atawa 48,9% meunang peunteun 100; 7 urang atawa 15,6% meunang peunteun 90; 10 urang atawa 22,2% meunang peunteun 80; jeung 6 urang atawa 13,3% meunang peunteun 70. Tina hasil di luhur, katitén bédana antara pangajaran nulis aksara Sunda saméméh jeung sabada ngagunakeun média *Flash Card* ngaronjat, boh dina suasana diajar boh dina kamampuh siswa dina nulis aksara Sunda.
- 3) Sanggeus ngalarapkeun inovasi-inovasi anyar kana prosés diajar-ngajar kalawan ngagunakeun média *Flash Card*, siswa ngawangun pangaweruh sorangan sarta meunangkeun suasana diajar anu pikaresepeun.

5.2. Rékomendasi

Sabada dilakukeun panalungtikan ngeunaan pangajaran nulis aksara Sunda ngagunakeun média *Flash Card*, aya sababaraha hal anu hayang ditepikeun minangka rékomendasi.

1) Pikeun Guru

- Kamampuh nulis aksara Sunda lain ngan saukur kudu dicangking ku siswa, tapi guru anu mangrupa sujék dina prosés pangajaran wajib bisa nulis aksara Sunda, sabab lamun guru teu bisa nulis aksara Sunda hartina kompeténsi dasarna ogé robah jadi nyalin aksara Sunda.
- Matéri ngeunaan aksara Sunda anu geus dirumuskeun dumasar kana wangun anu měh sarua bisa dijadikeun référénsi bahan ajar.

2) Pikeun Siswa

Siswa anu geus nyangking matéri ngeunanan nulis aksara Sunda kaasup katégori mampuh nulis aksara Sunda, dipiharep bisa ngajarkeun ka lingkungan sakola, kulawarga, sarta masyarakat séjénna sangkan aksara Sunda teu leungit.

3) Pikeun Mahasiswa Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah

Salian ti guru, mahasiswa Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah ogé wajib nyangking kamampuh nulis aksara Sunda. Ieu mangrupa modal pikeun jadi guru anu tugasna ngadidik jeung ngabimbing siswa dina pangajaran basa Sunda.

4) Pikeun Lembaga

Pangajaran aksara Sunda leuwih hadé diterapkeun dina SKKD SD atawa SMP sangkan leuwih asak pangajaranna. Upama ngan saukur diterapkeun dina SKKD SMA ieu pangajaran kurang éfektif, sabab sanggeus kaluar SMA teu saeutik siswa nu poho kana pangajaran aksara Sunda.